

**Retounen
Lekòl**



**10
jou!!**

7 – 16 out 2015

EKONOMIZE SOU:

Rad

Soulye


Sèten Atik Rad

Sèten Founiti Klasik

Òdinatè Pèsonèl

Ak Sèten Ekipman ki Mache ak yo

Sa gen plizyè ane, Lejislatè nan Florid te otorize kèk jou pou pa peye taks lavant pou founiti klasik debaz, anvan nouvo ane ouvèti lekòl la. Pou premye fwa, konje nan peye taks sou lavant 2015 la se yon evènman 10 jou e li ap kòmanse a 12:01 dimaten vandredi 7 out e li ap fini a minui dimanch 16 out. Pa gen taks sou lavant nan Florid oubyen opsyon taks lokal kote y ap kolekte taks diran lè sa a sou lavant rad, soulye, ak sèten atik rad ki ap vann pou \$100 oubyen mwens pou chak atik, oubyen sèten founiti klasik ki ap vann pou \$15 oubyen mwens pou chak atik, e sou òdinatè ak sèten ekipman ki mache ak yo pou premye \$750 sou pri lavant la lè acha a pa pou sèvis kòmèsyal, pou sèvis kay oubyen sèvis pèsonèl.



Yon anons sèvis piblik

Lekòl Leta Miami-Dade County

Pou plis enfòmasyon sou konje nan peye taks lavant, silvouplè ale nan:

<http://dor.myflorida.com/Documents/tip15a0105.pdf>

Pwopozisyon Chèmann Komisyon Konsèy Lekòl Perla Tabares Hantman pou pwomote konje sa a pou fanmi jwenn akò alinanimite kòlèg Komisyon Konsèy li yo nan reyinyon jiyè 2015 yo a.